

Se pou ou yon egzant pou moun ki kwè yo

Pa Èldè Russell M. Nelson

Nan Kolèj Douz Apot yo

Keseswa misyonè aplantan oswa manm, nou tout dwe bon egzant pou moun ki kwè nan Jezikri yo.

Frè byeneme m yo, aswè a nou rasanble plizyè kote toupatou nan mond lan. Misyonè aplantan ekstraòdinè nou yo la nan mitan nou. Mwen ta renmen envite tout misyonè aplantan yo pou yo kanpe. Kèlkeswa kote nou ye, èldè yo ak prezidans misyon yo, tanpri kanpe. Nou rekonesan pou nou chak! Nou remèsye nou! Nou renmen nou! Nou mèt chita.

Tanzantan nou bezwen raple tèt nou poukisa nou gen misyonè yo. Se akoz yon kòmandman Senyè a, ki te di, “Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a:

“Montre yo pou yo obsève tou sa mwen te ba nou lòd fè. Chonje sa byen: mwen la avèk nou toulèjou, jouk sa kaba.”¹

Kòmandman sa a se youn nan anpil ki te renouvle paske levanjil Jezikri a retabli nan plenitud li. Misyonè yo ap sèvi kounyeya menmjan yo te konn fè sa nan epòk Nouvo Testaman an. Liv Ak (Travay) la dekri premye travay misyonè Apot yo ak lòt disip yo apre ministè mòtèl Senyè a. Ladan nou li sou konvèsyon remakab ak batèm Sòl moun Tasis la,² ki anvan sa t ap “menase touye disip Senyè yo”³ ak pèsekite manm nouvo Legliz la k t ap tabli a. Soti nan kòmansman sa yo, Sòl te vin tounen Pòl, moun konvèti a, youn nan pi gwo misyonè Senyè a. Kenz dènye chapit yo nan Liv Ak la rapòte travay misyonè Pòl ak konpayon l yo.

Nan yon lèt li te voye bay youn nan konpayon l te plis fè konfyans yo, Pòl te ekri jèn Timote, “Pa kite pèsonn pase ou nan betiz paske ou twò jèn. Men se pou ou tounen yon *egzant pou moun ki kwè yo*, nan pawòl, nan konvèsasyon, nan charite, nan espri, nan lafwa, nan pite.”⁴ Konsèy sa a osi valab pou nou jodia ke l te ye lèsa a. Li aplike pou misyonè aplantan nou yo; li aplike egalman pou chak manm Legliz la tou. Kit se misyonè aplantan oswa manm, nou tout ta dwe bon egzant pou moun ki kwè nan Jezikri yo.

Misyonè aplantan yo

Misyonè aplantan yo, ki apeprè 52.000 e pik, ap sèvi nan 340 misyon nan tout mond lan. Yo se kwayan ak sèvitè devwe Senyè a. Objektif yo se pou “envite lòt yo vin jwenn Kris la nan ede yo resevwa levanjil retabli a atravè lafwa nan Jezikri ak Ekspyasyon li a, repantans, batèm, resevwa don Sentespri a, epi pèsevere jiskalafen.”⁵

Menmjan ak Timote, pifò misyonè aplantan yo se jèn gason. Gen kèk ki se sè misyonè; genyen ki se koup misyonè. Nou renmen yo chak! Misyonè yo sèvi pou rann lavi a pi bon pou pitit Bondye yo. Pè Selès la renmen chak grenn pitit li. Paske evidaman, li se Papa yo. Li vle beni yo avèk pi gwo kado li a, ki se lavi etènèl.⁶ Misyonè yo anseye bagay sa yo tout kote yo sèvi. Yo ede moun devlope lafwa nan Senyè a, repanti, batize, resevwa Sentespri a, resevwa òdonans tanp yo, ak pèsevere fidèlman jiska lafen. Travay Bondye a ak laglwa li---“reyalize imòtalite ak lavi etènèl lòm”⁷--- nan se travay sakre ak glwa chak misyonè.

Nou bezwen plis misyonè---plis misyonè diy. Pandan ministè tèt li a, Senyè a te di disip li yo, “Rekòt la

anpil, men pa gen ase travayè pou ranmase li. Mande mèt jaden an pou l voye travayè nan jaden l lan.”⁸

Nan sesyon konferans jeneral la maten an, Prezidan byeneme nou an, Thomas S. Monson te bay chak jènjan nan Legliz sa a yon egzòtasyon fèvan pou yo prepare pou sèvis misyonè. Mwen espere ke tout fwaye nan Legliz la va koute mesaj li a annantye.

M ap ajoute temwayaj mwen sou konsèy saj Prezidan Monson nan. Nan fanmi mwen, mwen wè benediksyon ki vin jwenn chak misyonè. Rive jodia, kantite pitit, pitit pitit nou ak konjwen yo ki te aple pou sèvi yon misyon apentan rive 49, e chif sa a ap kontinye ogmante. Nan chak ka, mwen wè pi plis nan sajès, matirite nan jijman, ak flerisman lafwa ki devlope nan chak misyonè. Menmjan ak anpil jenerasyon anvan yo, yo te anbake nan sèvis Bondye pou “sèvi li avèk tout kè [yo], tout pouvwa, tout panse, ak tou fòs yo.”⁹ Travay misyonè ede fòje destine divin yo.

Manm misyonè

Konsèy Pòl la, “Se pou ou yon egzanzp pou moun ki kwè yo,” aplike pou manm yo tou. Pifò nan yo pa t janm e gen dwa pa janm misyonè apentan. Men yo tout ka manm misyonè. Deklarasyon sa a fè m sonje yon rapò sou yon evenman komik. Sou yon gwo teren jwèt nan yon sant fòmasyon misyonè te gen yon mesaj ekri. Li te di: “Misyonè sèlman!” Lòt moun ki vle jwe sou teren sa a te ekri yon lòt mesaj pou tèt yo. Mesaj pa yo a te di, “Chak manm se yon misyonè!”

Chak manm ka yon egzanzp pou kwayan yo. Frè m yo, antanke disip Jezikri, nou chak kapab viv an akò avèk ansèyman l yo. Nou ka gen “yon kè pi ak men ki pwòp; nou ka gen “imaj Bondye grave nan [figi] nou.”¹⁰ Limyè Senyè a kapab briye nan je nou.¹² Avèk reyònmnan sa a, nou dwe pare pou reponn kesyon. Apot Pyè te bay konsèy sa a: “Se pou n toujou pare pou n defann tèt nou chak fwa yon moun mande nou eksplikasyon sou espwa nou gen nan kè nou an”¹³

Se pou repons ou a gen chalè ak lajwa. Se pou repons ou a apwopriye ak moun sa a. Sonje, moun sa a se yon pitit Bondye tou, Bondye sa a menm ki vrèman vle ke moun sa a kalifye pou lavi etènèl epi retounen al jwenn ni yon jou a. Ou gen dwa se moun ki pral louvri pòt la pou sali moun sa a ak pou l konprann doktrin Kris la.¹⁴

Aprè premye repons la, pare pou pran etap apre a. Ou gen dwa envite zanmi w lan vin legliz avèk ou. Anpil nan zanmi w yo pa konnen ke yo byenveni nan bilding Legliz nou yo. “Vini epi gade” sete envitasyon Sovè a te bay moun ki te gen dezi aprann plis konsènan li yo.¹⁵ Yon envitasyon pou asiste yon reyinyon Dimanch avèk ou, oswa pou patisipe nan yon aktivite sosyal oswa sèvis legliz la, ap ede ekate move kwayans epi sa ap fè vizitè yo santi yo pi alèz nan mitan nou.

Antanke yon manm Legliz la, lonje lamèn bay moun ou pa konnen, epi akeyi yo chalerezman. Chak Dimanch, montre amitye ak jantiyès pou omwen yon moun ou pa t konnen avan. Chak jou nan lavi ou, fè efò pou elaji sèk zanmi ou.

Ou ka envite yon zanmi pou l li liv Mòmmon an. Eksplike ke l se pa yon woman ni yon liv istwa. Li se yon lòt temwayaj konsènan Jezikri. Objektif reyèl li se “pou Jwif ak Janti kapab gen konviksyon, Jezi se Kris la, Bondye Etènèl la, ki manifeste tèt li devan tout nasyon yo.”¹⁶ Gen yon pouvwa nan liv sa a ki kapab touche kè ak amelyore lavi moun sensè k ap chèche laverite yo. Envite zanmi ou pou li liv la nan yon espri lapriyè.

Pwofèt Joseph Smith te di “ke liv Mòmmon an se liv ki pi kòrèk pase tout lòt liv sou tè a, e li se fondman

relijyon nou an, e si yon moun swiv presèp liv la, l ap vin pi pre Bondye pase si l suiv presèp nenpòt lòt liv.”¹⁷ Liv Mòmmon an anseye sou Ekspyasyon Jezikri a epi li se enstriman Bondye ap sèvi pou akonpli ansyen pwomès li pou rasanble Izrayèl ki te gaye a nan dènne jou sa yo.¹⁸

Sa gen plizyè ane, de kòlèg mwen---yon enfimyè ak mari li ki sete doktè---te mande m poukisa m te viv jan m t ap viv la. Mwen te reponn, “Paske m konnen Liv Mòmmon an vrè.” M te kite yo prete liv Mòmmon m nan, epi m te envite yo pou yo te li l. Yon semèn apre yo te retounen liv la ban mwen avèk yon “mèsi bokou.” poli.

Mwen te mande: “Kisa nou vledi, mèsi bokou? Sa se yon repons ki pa apwopriye ditou pou yon moun ki li liv sa a. Nou pa t li, pa vre! Tanpri reprann ni epi li l; apres a na remèt mwen li.”

Yo te admèt ke yo te sèlman vire paj yo, epi yo te aksepte envitasyon m nan. Lè yo te retounen yo te di ak dlo nan je, “Nou li Liv Mòmmon an. Nou konnen li vrè! Nou vle konn plis.” Yo te aprann plis, e m te gen privilèj pou m te batize toulède.

Yon lòt fason nou ka pataje levanjil la se nan envite zanmi nou rankontre avèk misyonè apentan yo lakay nou. Misyonè sa yo aple epi prepare pou anseye levanjil la. Zanmi nou yo, nan konfò lakay nou e avèk sipò konstan nou, ka kòmanse vwayaj yo vè sali ak egzaltasyon yo. Senyè a di, “Nou resevwa apèl pou nou reyalize rasanbleman moun ke m chwazi yo; paske moun mwen chwazi yo tandè vwa m epi yo pa fè kè yo di.”¹⁹

Ekriti yo di nou ke “toujou gen anpil moun sou tè a . . .ki pa konnen verite a paske yo pa konnen ki kote pou yo jwenn li.”²⁰ Èske sa se pa opòtinite pa ou? Ou ka vin disip ki ede yo dekouvri verite a!

Kounyeya nan epòk entènèt la, gen anpil fason enteresan ak nouvo nou ka fè travay misyonè. Ou gen dwa envite zanmi ak vwazen yo vizite nouvo sit Entènèt mormon.org la. Si ou gen blòg ak rezo sosyal sou entènèt, ou ka konekte sit ou yo avèk mormon.org. Epi lè sa a, ou ka kreye pwòp pwofil pèsonèl ou. Chak pwofil enkli yon ekspresyon kwayans ou, yon eksperyans, ak yon temwayaj. Paske se yon bagay nouvo, pifò nan pwofil sa yo disponib an Anglè. Pwofil nan lòt lang yo ap vini apre.

Pwofil sa yo ka gen yon enfluyans pwofon pou sa ki byen. Sa gen de mwa, yon jènjan ki rele Zac---nan premye ane inivèsite li---te wè yon reklam pou mormon.org nan teklevisyon nan Baton Rouge, an Louisiane. Li te rantre sou sit Entènèt la epi li te entriye pa pwofil manm Legliz yo. Nan sit Entènèt nou an, li te jwenn lyen ki te enfòmè l sou kote l te ka ale legliz. Dimach apre a, abiye avèk yon chemiz blan ak kravati, li t ale legliz, li te fè konesans ak manm pawas yo, epi li te jwi twazèdtan reyinyon yo. Yon manm te envite l lakay li pou dine, epi apres a li te resevwa premye leson misyonè li. Nan mwens pase de semèn, li te batize ak konfime kòm manm Legliz la²¹ Byenveni Zak! (L ap koute.)

Chak disip egzanplè Jezikri kapab vin yon manm misyonè efikas. Manm yo ak misyonè apentan yo ka mache men nan la men pou pote benediksyon levanjil yo bay zanmi ak vwazen ki chè pou yo yo. Anpil nan yo soti nan Izrayèl, ki ap rasanble kounyeya jan sa te pwomèt la. Tout sa fè pati preparasyon pou Dezyèm Vini Senyè a.²³ Li vle ke nou chak se vrèman yon egzanp pou moun ki kwè yo.

Mwen konnen Bondye vivan. Jezi se Kris la. Sa se Legliz li. Liv Mòmmon an vrè. Joseph Smith te tradui li e li se pwofèt dènne dispansasyon sa a. Prezidan Thomas S. Monson se pwofèt Bondye jodia. Mwen temwaye konsènan sa nan non sakre Jezikri, amèn.

Nòt

1. Matye 28:19–20.
2. Gade Travay 9:3–18.
3. Travay 9:1.
4. 1 Timote 4:12; italik ajoute.
5. *Preach My Gospel: A Guide to Missionary Service* (2004), 1.
6. Gade Doktrin ak Alyans 14:7.
7. Moyiz 1:39.
8. Lik 10:2.
9. Doktrin ak Alyans 4:2.
10. Alma 5:19.
11. Gade Matye 5:16; Alma 7:24.
12. Gade Doktrin ak Alyans 88:11.
13. 1 Pyè 3:15.
14. Gade 2 Nefi 31:2, 21.
15. Jan 1:39. Pou modèl sa a, gade Revelasyon 6:1, 3, 5, 7 tou.
16. Paj tit Liv Mòmon an.
17. Entwodiksyon Liv Mòmon an.
18. Gade 3 Nefi 21:1–7. Note ke vèsè sa yo chita nan yon fraz.
19. Doktrin ak Alyans 29:7.
20. Doktrin ak Alyans 123:12.
21. Kominikasyon pèsònèl William G. Woods, prezidan Misyon Baton Rouge la an Louisiane.
22. Gade Malachi 4:5; 3 Nefi 25:5; Doktrin ak Alyans 2:1; 110:14–16; 128:17; 138:46; Joseph Smith—Istwa 1:38.